



Fè pati Manb Bibliyotèk piblik Eastern Shore a

YON KAT BIBLIYOTÈK GEN BENEFIS SA YO:

- ka prete nenpòt liv oubyen fim nan nenpòt nan bibliyotèk nou yo!
- Ou ka telechaje e-books(liv elektronik) gratis!
- Ou ka itilize entènèt yo a ak kompitè yo gratis!
- Ou ka itilize resous nou genyen sou liy entènèt yo pou ede ak devwa, pou chèche travay, pou telechaje magazine ak anpil lòt ankò! Pa blyie tout bagay sa yo gratis!

LÈ OU AP PRETE NAN BIBLIYOTÈK LA

- Ou ka pran yon liv, liv sou anregistreman ak magazine pou 28 jou (4 semèn), eksepte sa ki nouvo yo ak DVD, yo menm ou ka prete yo pou de semèn alafwa.
 - Ou pa ka prete materyèl referans yo, paske yo dwe la nan bibliyotèk la pou nenpòt moun nenpòt lè.
 - ka renouvre yon liv, fim de fwa, men se si li pa nouvo oubyen ou lòt moun pat gentan mande pou yo rezève l pou yo.
- Ou ka prete nan nenpòt nan bibliyotèk ki nan Eastern shore a tankou: **Accomac, Nassawadox, Chincoteague and Cape Charles.**
- Ou ka prete vale liv ke ou vle. Chak bibliyotèk gen yon vale diferan sou kantite DVD ou ka prete alafwa. Mande moun k'ap travay andan yo pou detay.

REZÈVE MATERYÈL NAN BIBLIYOTÈK LA

- Ou ka mande pou yo rezèv yon liv oubyen fim pou ou. Sa ap fè nou konnen ke ou vle prete liv sa oubyen fim sa kou lòt moun ki te prete l la remèt li. Yo ap mete ou soul is pou yo kontakte a, e yo ap rele ou lè sa ou bezwen vini.
- Si nou pa gen sa ou bezwen an, nou ka prete li nan men yon lòt bibliyotèk ki genyen li. Nou rele sa "inter-library loan". Fè moun ki ap travay andan konnen ke sa ou bezwen pa sou etajè a oubyen nan katalog yo a.

RENOUVLE MATERYÈL BIBLIYOTÈK YO

Si ou ta renmen kenbe yon liv oswa fim pou plis ke kat(4) semèn, ou ka rele nou pou nou ka renouvre li pou ou, oubyen ou ka fè sa sou entènèt.

LÈ OU AP REMÈT

- Ou ka remèt nan nenpòt nan bibliyotèk ki sou Eastern Shore la: **Accomac, Nassawadox, Chincoteague and Cape Charles.**
- Bwat pou remèt liv yo ap bo pòt la si bibliyotèk la gentan fèmen. Nou ap cheke yo demen lè nou ouvri.

SI MWEN RETOUNEN LI ANRETA?

Pou nou ka asire ke materyèl yo la pou lòt moun ka jwen, nou chaje dis sens pou chak jou anreta, sa ankouraje moun ki prete yo pou yo ka remèt sa yo prete yo. Si ou pa remèt li pou twa mwa, bibliyotèk la konsidere l tankou li pedi epi yo chaje kont ou a ak pri li koute pou yo achte ranplasman an.

KI LÈ MWEN KA VIN NAN BIBLIYOTÈK LA?

Chak kote ouvri e fèmen a yon lè diferan. Rele bibliyotèk la oubyen ale sou entènèt pou wè lis ki lè ou ouvri ak ki lè yo fèmen. www.espl.org. Pifò nan sèvis nou bay yo sou entènèt la tou, nenpòt lè, la jounen kou nan nwit, e ou ka men itilize yo sou telefon ou oubyen sou tablet ou.